

Aplikasyon règleman yo (kontinyasyon)

Montan Kontravansyon	
Premye Ofans	Ofans Annapre yo
\$510	\$1,010

Yo pral bay kontravansyon yo imedyatman apre yon mèt pwopriyete resevwa yon Avètisman Koutwazi preyalab.

Penalite yo akimile lèfini yo ka plase yon dwa retansyon sou pwopriyete a, si yo pa peye amann yo, frè aplikasyon règleman yo, ak frè administratif yo e/oswa si yo pa rektifye vyolasyon an.

Yo ka akòde tan adisyonèl pou konfòme a règleman an nan Avètisman Koutwazi yo. Tanpri Kontakte biwo Règleman Katye a (Neighborhood Regulations) pou mande pou yon ekstansyon.

Depatman Resous Ekonomik ak Règleman Miami-Dade (Miami-Dade Regulatory and Economic Resources Department) angaje l pou l bay piblik la sèvis, pou l fè sa, li asire l gen konfòmite anplas pou tout kòd ak règleman aplikab yo, defason pou kenbe tout katye yo san danje e pou amelyore kalite vi kominote a.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou reparasyon otomobil nan distrik zòn rezidansyèl yo...

- Rele Divizyon Règleman Katye a (Neighborhood Regulations Division) nan (786) 315-2552
- Rele nan 3-1-1 pou Sant Repons Konte Miami-Dade la
- Ale sou sit Entènèt la nan www.miamidade.gov/building

Pou rapòte nenpòt vyolasyon nan kòd katye a, tanpri, rele nan 3-1-1 oswa ekri yon lèt epi voye l pa imèl nan 311@miamidade.gov.

Bwochi sa a se yon gid jeneral li ye e li pa gen priorite sou Kòd Odonans Konte Miami-Dade la.



Carlos A. Gimenez, Majistra

ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Jean Monestime, Prezidan; Esteban Bovo, Jr., Vis Prezidan;
Barbara J. Jordan, Distrik 1; Jean Monestime, Distrik 2;
Audrey M. Edmonson, Distrik 3; Sally A. Heyman, Distrik 4;
Bruno A. Barreiro, Distrik 5; Rebeca Sosa, Distrik 6; Xavier L. Suarez,
Distrik 7; Daniella Levine Cava, Distrik 8; Dennis C. Moss, Distrik 9;
Sen. Javier D. Souto, Distrik 10; Juan C. Zapata, Distrik 11;
José "Pepe" Díaz, Distrik 12; Esteban Bovo, Jr., Distrik 13

Harvey Ruvin, Grefye Tribinal yo; Pedro J. Garcia, Evalyatè Pwopriyete;
Robert A. Cuevas Jr., Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtinite egal nan anplwa ak nan sèvis e li pa diskrimine poutèt andikap.

"Se règleman Konte Miami-Dade pou l konfòme l a tout ekzijans Lwa ki konsène Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act)."


355-1415-158

DEPATMAN RESOUS EKONOMIK AK RÈGLEMANTÈ

Konfòmite a Kòd Komen Defi pou Pwopriyete Rezidansyèl nan Konte Miami-Dade ki pa enkòpore



NEIGHBORHOOD REGULATIONS
11805 SW 26th Street, Suite 230
Miami, FL 33175-2464
Lendi - Vandredi
7:30 am – 4:00 pm
Esepte jou fèt



Ki reparasyon otomobil yo otorize?

Nan distrik zonaj rezidansyèl yo, yon lokatè/mèt yon pwopriyete ka reparasyon otomobil sou pwopriyete l, sèlman si tout kondisyon swivan yo satisfè:

- ✓ Mèt pwopriyete a/lokatè a se mèt otomobil yap reparasyon a.
- ✓ Aktivite reparasyon an ap fèt sèlman lajounen.
- ✓ Pandan yap reparasyon otomobil la, yo pa ka estasyon l devan bilding prensipal la sou pwopriyete a, amwenske lakou sou kote a ak/oswa lakou pa dèyè a pa aksesib.
- ✓ Se sèlman “ti reparasyon minè” yo otorize.

Kisa yo rele “Ti reparasyon minè?”

Nenpòt travay ke w ka konplete nan lespas 72 èdtan

- ✓ Chanje kawoutchou
- ✓ Ranplase batri
- ✓ Chanje lwil
- ✓ Chanje fren
- ✓ Antretyen motè, elatriye

Kisa reparasyon yo entèdi?”

- ✗ Reparasyon ke yo pa ka fin fè nan lespas 72 èdtan.
- ✗ Reparasyon ki mande yo wete oswa yo soulve pati enpòtan tankou motè oswa transmisyon machin lan.
- ✗ Travay ki mande plasman machin lan sou blòk e kote yo retire kawoutchou yo.

Aplikasyon règleman yo

Lè yon moun fè reparasyon nan otomobil li ilegalman, sa reprezante yon vyolasyon Kòd Òdonans Konte Miami-Dade e sa ap lakòz yo bay moun sa a yon Avètisman Koutwazi. Lè sa aplikab, yap bay ni lokatè a ni pwopriyete a avi ki gen rapò avèk aplikasyon règleman yo; sepandan, se pwopriyete a ki se moun ki gen responsabilite final pou l konfòme l a règleman yo.

Aprè moun nan fin resevwa Avètisman Koutwazi a, si malgresa li pa konfòme l a règleman yo, sa pral lakòz yo bay pwopriyete a ak lokatè a, yon kontravansyon, selon Chapit 8CC nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.

Al gade nan Seksyon 33-15 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade